# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

निर्वाचन आयोग आजु देस क उप राष्ट्रपति पद खातिर चुनाव कार्यक्रम क घोसणा कइ दिहले हौ। निर्वाचन आयोग के मोताबिक चुनाव नौ सितम्बर के होई अउर परचा भरले क आखिरी तारीख एक्कइस अगस्त हावे। एगो रिपोर्ट–

***पिछले महीने उपराष्ट्रपति पद से, जगदीप धनखड़ के इस्तीफे के बाद यह चुनाव आवश्यक हो गया है। यह 17वां उपराष्ट्रपति पद के लिए चुनाव होगा। उपराष्ट्रपति का चुनाव एक निर्वाचक मंडल द्वारा किया जाता है जिसमें लोकसभा और राज्यसभा के सदस्य शामिल होते हैं। चुनाव की अधिसूचना इस महीने की 7 तारीख को निर्वाचन आयोग द्वारा जारी की जाएगी और इच्छुक उम्मीदवार इस महीने की 21 तारीख तक अपना नामांकन दाखिल कर सकते हैं। नामांकन पत्रों की जांच 22 अगस्त को होगी जबकि नाम वापस लेने की अंतिम तिथि इस महीने की 25 तारीख होगी। मतगणना 9 सितंबर को होगी। सकलेन अख्तर, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने बनारस में प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना क बीसवां किस्ति में नौ करोड़ सत्तर लाख से बेसी किसानन के बीस हजार पांच सौ करोड़ रूपिया जारी करिहें। उहां के दुइ हजार दुइ सौ करोड़ रूपिया के विकास परियोजनन क उद्घाटन अउर सिलान्यासो करबि। प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***प्रधानमंत्री वाराणसी–भदोही मार्ग, छितौनी–शूल टंकेश्वर मार्ग और हरदत्तपुर में रेलवे ओवरब्रिज के चौड़ीकरण और सुन्दरीकरण का शुभारंभ करेंगे। क्षेत्र में बिजली के बुनियादी ढांचे को मजबूत करने के लिए प्रधानमंत्री स्मार्ट वितरण परियोजना के तहत विभिन्न कार्यों और आठ सौ अस्सी करोड़ रुपये से अधिक की लागत वाली बिजली के बुनियादी ढांचे को भूमिगत करने का शिलान्यास करेंगे। प्रधानमंत्री मोदी जल जीवन मिशन के तहत 47 ग्रामीण पेयजल योजनाओं का भी उद्घाटन करेंगे। ओम अवस्थी, आकाशवाणी समाचार लखनऊ।***

**********

देस क ओन्यासीवां स्वतंत्रता दिवस पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपने सम्बोधन बदे लोगिन से उनकर बिचार अउर सुझाव साझा करे के कहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि जइसे–जइसे स्वतंत्रता दिवस नगिच्चे आ रहल बाटे, उहां के देसवासियन क बिचार सुने खातिर उत्सुक हईं। लोगि प्रधानमंत्री के पनरह अगस्त के लाल किला के प्राचीर से प्रस्तावित सम्बोधन बदे माईजीओवी अउर नमो एप ओपेन फोरम के जरिये आपन बिचार आ सुझाव साझा कइ सके लें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में मध्यम अउर लघु उद्योग विभाग क एगो बइठकी में कहले हवें कि प्रदेस सरकार फुटवीयर, लेदर अउर नान लेदर निर्माण के क्षेत्र में प्रदेस के वैस्विक प्रतिस्परधा खातिर तइयार कइले के दिसा में ठोस कदम उठावल सुरू कइ दिहले हवें। उहां के कहलीं कि राज्य क पारम्परिक कौसल प्रसिक्षित श्रमबल अउर कानपुर, आगरा आ उन्नाव जइसन औद्योगिक केन्द्रन के मौजूदगी के देखत एगो व्यौहारिक परिणामोन्मुखी नीति क निरमाण जरूरी हो गइल बाटे। बइठकी में मुख्यमंत्री क्लस्टर आधारित विकास मॉडल के प्राथमिकता दिहले क निरदेस दिहलें। उहां के ईहो कहलीं कि नीति में साफ तौर से ई परिभासित कइल जाय कि प्रदेस क कवन क्षेत्र येह उद्योग खातिर सबसे बेसी उपयुक्त बाटे।

**********

भारतीय राष्ट्रीय भुगतान निगम–एनपीसीआई आजु से यूनिफाइड पेमेंट्स इंटरफेस–यूपीआई क नया नियम लागू कइ दिहले हौ। नया नियम में हर लेन–देन से पहिले प्राप्तकरता क नांव प्रेसक के देखावल जाई। हर यूपीआई ऐप उपयोगकरता लोगिन के दिन में ढेरि से ढेरि पचास बार आपन बैंक खाता में जमा रासि देखले क सुविधा देई।

**********

मैनपुरी जिला के बेबर थाना क्षेत्र के नगला ताल के लग्गे आजु अपराह्न भइल एगो सड़कि हादसा में एक्के परिवार के पांच लोगिन क मउति हो गइल, ओही एगो लइकी घाही हो गइलि। ई हादसा ओह समय भइल जब ताल के लग्गे आगरा से आ रहलि एगो कार बेकाबू हो के ट्रक से लड़ि गइलि। एहसे कार सवार एक्के परिवार के पांच लोगिन क ओहिजुकवें मउति हो गइल।

ओहीं, मेरठ जिला के सरधना–बिनौली राहि के हिंडन पुल पर लगल हाईट गेज से तेज रफ्तार पिकअप गाड़ी लड़ि गइल जेहसे ओहमें सवार तीनि जने क मउति हो गइल आ पांच गो अउरियो लोगि घाही हो गइलें। पिकअप में सवार सज्जो लोगि अमरोहा जिला से राजस्थान जात रहलें।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुन्नो हादसा क संज्ञान लेत मृतकन के परिजनन के प्रति संवेदना जतवले हवें। सथहीं अधिकारियन के घाही लोगिन क समुचित इलाज क निरदेस दिहले हवें।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन में छिटपुट बादर छवले हवे। बादरन के बिच्चे से निकलि रहल घाम के नाते कई जिलन में उमसि बढ़ि गइल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक बरखा क वायुमण्डलीय परिस्थिति बनल बाटे। येह परिस्थितियन के नाते अगिला तीनि से चारि दिन ले कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के बरखा क पूर्वानुमान हौ।

**********